

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi tina hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun

#### 5.1 Kacindekan

Kacindekan dina ieu panalungtikan bisa dijelaskeun saperti ieu di handap.

- 1) Upacara ritual *irung-irung* mangrupa salah sahiji tradisi nu aya di Désa Cihideung Kecamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat. Dina basa Indonesia “irung” téh hartina *hidung*, pangna disebut *irung-irung* ku sabab éta cinyusu aya dua saperti liang irung. Mimiti diayakeunna ieu ritual minangka eksprési masarakat Cihideung sabab geus dibéré cinyusu nu terus ngagelenggeng, malah mah débit cai beuki gedé nalika halodo. Sukuran ku cara salametan solokan atawa nyalametkeun cinyusu *irung-irung*, geus aya ti taun 1938 ku alpukahna ku Eyang Lamsari. Taun 1999 upacara ritual *irung-irung* teu dilaksanakeun. Upacara ritual *irung-irung* mimiti dilaksanakeun deui dina taun 2007. Nu naratasna nya éta Padépokan Kalang Kamuning.
- 2) Dina prak-prakanana, nu munggaran dilakukeun nya éta sesepuh kampung nyeungeut menyan bari ngadu'a. Saterusna aya rupa-rupa pamapag, diteruskeun kana meuncit domba jalu. Domba nu geus dipeuncit tuluy dibawa ka balé désa keur dipasak. Sanggeus kitu aya silih simbeuhan jeung bebelokan. Saterusna dipidangkeun kasenian sasapi. Sanggeus kitu, arak-arakan deui ka balé désa. Di balé désa disuguhkeun hiburan ketuk tilu. Nalika masarakat lalajo hiburan di balé désa bari ngararasakeun ni'matna daging domba. Sanggeus upacara ritual *irung-irung* ditaratas ku Padépokan Kalang Kamuning, diayakeun kagiatan sanggeus upacara ritual *irung-irung*. Éta kagiatan dingaranan Cihideung Féstival nu udaganana ngangkat agro wisata jeung seni tur ngawanohkeun ka balaréa ngeunaan potensi nu aya di Cihideung, hususna ngeunaan tutuwuhan sabab Cihideung katelah ku wisata kembangna. Ku pamaréntah Kabupatén Bandung Barat, hususna ku Dinas Pariwisata dan Kebudayaan, ieu kagiatan téh geus diagéndakeun jadi agénda

nu maneuh unggal taunna. Ieu ritual téh méh unggal triwulan kaopat dilaksanakeun.

- 3) Unsur kabudayaan nu nyampak dina upacara ritual *irung-irung* ngawengku: (1) sistem réligi, dina bubuka jeung meuncit domba; (2) sistem kamasarakatan atawa organisasi sosial, ayana pingpinan ritual, panata calagara, pamaén kasenian sasapian, pamaén dina hiburan ketuk tilu; (3) sistem élmu pangaweruh, nya éta pangaweruh ngeunaan flora jeung fauna, anu maksud jeung tujuan upacara ritual *irung-irung* téh nya éta keur salametan cinyusu *irung-irung* nu caina nyuburkeun kana tutuwuhan nu kaliwatan ku cinyusu *irung-irung*. Salian ti flora jeung fauna, unsur élmu pangaweruh ngeunaan waktu nyampak dina upacara ritual *irung-irung*. Waktu dilaksanakeunna upacara ritual *irung-irung* nya éta bulan Agustus sanggeus panén. Ayeuna mah dilaksanakeunna nurutkeun anggaran pamaréntah nya éta triwulan kaopat; (4) unsur basa, nu digunakeun nya éta basa Sunda jeung basa Arab nu nyampak nalika nu mingpin ritual nepikeun pamapagna; (5) unsur kasenian, dina kasenian sasapian diantarana musik jeung rupa. Sedengkeun dina ketuk tilu diantarana musik, tari, jeung vokal; (6) sistem pakasaban atawa sistem ékonomi, nyampak tina unsur tatanén jeung perdagangan. Cai ti cinyusu *irung-irung* teu bisa dipaké keur nginum, tapi éta cai bisa nyuburan paré jaman harita nu ayeuna mah kekembangan. Ieu hal pangaruh pisan kana pakasaban masarakat Désa Cihideung nu lolobana padagang kembang; (7) sistem pakakas atawa téhnologi, parobahan dina pakakas komunikasi saupama rék ngabéwarakeun bakal dilaksanakeun upacara ritual *irung-irung* ku cara ngaliwatan média sosial. Dina pakakas konsumsi nya éta dina sasajén, ayeuna mah maké gelas plastik nu baheula mah paragi ngawadahan cikopi, rurujakan, jsb. téh maké batok kalapa. Nu pamungkas dina properti saperti *pengeras suara* nu jaman ayeuna mah ngagunakeun mik jeung speaker.
- 4) Ajén-inajén nu nyampak dina upacara ritual *irung-irung* nya éta kahiji, patalina jeung ajén moral nya éta hadé goréngna sikep manusa dina ngalakonan hirupna, kudu ati-ati, daék ihtiari, sarta kudu bisa ngajaga cinyusu *irung-irung* sakumaha nu geus di wariskeun ti karuhun. Oriéntasi ajén budaya

dina upacara ritual *irung-irung* nyampak dina hakékat hirup, hakékat karya, sawangan manusa kana waktu, sawangan manusa kana alam, sarta hakékat hubungan manusa jeung papada manusa. Kadua, patalina jeung ajén ékonomi nya éta cai tina cinyusu *irung-irung* penting keur masarakat Désa Cihideung sabab bisa nyuburan kana tutuwuhan. Tangtu éta bakal pangaruh kana pakasaban masarakat Cihideung. Malah mah lamun hujan ogé sok rajeun dicébor deui make cai *irung-irung*. Katilu, patalina jeung ajén éstétika nu nyampak dina properti nu dipaké keur mawa dahareun nu engkéna balakécrakan di cinyusu *irung-irung*. Properti nu dipaké nya éta ngamangpaatkeun tutuwuhan hias nu jadi ciri has Désa Cihideung. Kaopat, patalina jeung ajén sosial nya éta ayana gawé bareng tur silih deudeulan dina nataharkeun sarta ngarojong kana kalancaran upacara ritual *irung-irung*. Kalima, patalina jeung ajén agama nya éta dina unggal ngalaksanakeun hiji kagiatan umumna ngadu'a sangkan dina lumangsungna kagiatan dibéré kalancaran. Salaku mahluk nu ngagem agama, manusa kudu miboga iman jeung taqwa ka Nu Maha Kawasa.

- 5) Ajén-inajén nu nyampak dina upacara ritual *irung-irung*, ku panalungtik dijadikeun alternatif pikeun bahan pangajaran di sakola. Nu bisa diterapkeun dina pangajaran di antarana ajén-inajénna. Kahiji, patalina jeung hadé goréngna sikep manusa dina ngalakonan hirupna, kudu ati-ati, daék ihtar, sarta kudu bisa ngajaga cinyusu *irung-irung* sakumaha nu geus di wariskeun ti karuhun. Kadua, patalina jeung kalumangsungan hirup nya éta cai tina cinyusu *irung-irung* bisa nyuburan kana tutuwuhan. Katilu, patalina jeung upacara ritual *irung-irung* salaku tradisi banda budaya Sunda, siswa salaku generasi penerus kudu wanoh sarta wajib ngamumulé upacara ritual *irung-irung* katut ngaraksa jeung ngariksa budaya Sunda nu aya di wewengkonna hususna, umumna nu aya di Jawa Barat. Kaopat, patalina jeung atikan masarakat gawé bareng tur silih deudeulan, silih rojong, jeung silih tulungan. Kalima, salaku mahluk nu ngagem agama, manusa kudu miboga iman jeung taqwa ka Nu Maha Kawasa.

## 5.2 Implikasi

Ajén budaya dina upacara ritual *irung-irung* dilarapkeun dina bahan pangajaran bahasan budaya Sunda. Dilarapkeunna déskripsi ngeunaan upacara ritual *irung-irung* pikeun bahan pangajaran bahasan budaya Sunda di kelas XI SMA, nambahana pangaweruh siswa ngeunaan budaya Sunda, hususna ritual *irung-irung*. Ayana ajén budaya nu nyampak dina upacara ritual *irung-irung* bisa jadi gambaran siswa pikeun mikanyaho tradisi di hiji tempat kana hirup jeung huripna masarakat

## 5.3 Rékoméndasi

Dumasar ieu panalungtikan aya sababaraha rékoméndasi saperti ieu di handap.

### 1) Pikeun Pamaréntah

Sangkan upacara ritual *irung-irung* teu musnah, sakuduna lokasi cinyusu *irung-irung* jadi milik pamaréntah méh cinyusu *irung-irung* teu dijadikeun tempat keur kauntungan individu. Ieu ritual gé kuduna gancang didokuméntasi jeung dibukukeun. Sangkan leuwih dipikawanoh ku masarakat luareun Désa Cihideung, kuduna leuwih remen dipublikasi ku pamaréntah hususna.

### 2) Pikeun Pangajaran Basa Sunda

Upacara ritual *irung-irung* bisa dilarapkeun dina pangajaran maca jeung pangajaran séjénna.